# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी अदित्यनाथ क सुरक्षा व्यवस्था अब यूपी पुलिस अउरियो मजबूत करे जा रहलि हौ। एकरे बदे पुलिस विभाग एक करोड़ रूपिया से बेसी लागति क अत्याधुनिक उपकरण खरीदले क तइयारी कइ रहल हौ। कई गो आतंकी समूहन के सथहीं कई राष्ट्रबिरोधी ताकतिनि के ओरि से सम्भावित खतरा के देखत महकमा हर स्तर पर मुख्यमंत्री क सुरक्षा घेरा के लगतारे मजबूत करत रहे ला। गौरतलब हौ कि मुख्यमंत्री के जेड प्लस श्रेणी अउर एनएसजी कमांडो क कवर मिलल हौ। ओहर प्रदेस पुलिस के जवानन क दस्तो उनके सुरक्षा में हर समय तैनात रहे ला। मुख्यमंत्री के सथहीं राज्यपाल के सुरक्षो के पुख्ता बनावल जाये के हौ। येह सम्बन्ध में सासन की ओरि से एडीजी हेडक्वार्टर के जारी पत्र में फरियावल गइल हौ कि राज्यपाल, मुख्यमंत्री के सथहीं अउरियो अतिबिसिस्ट अउर बिसिस्ट महानुभावन के प्रदेस भ्रमण, रैलियन, धारमिक जगहिनि, कुंभ मेला के सथहीं खास प्रतिस्ठानन क सुरक्षो के धियान में रक्खत एक करोड़ दुइ लाख बीस हजार रूपिया क एक्यानबे उपकरण खरीदल जाये के हौ।

**********

समाजवादी पारटी अपने बागी सात विधायकन क सदस्यता के खारिज करवाई। विधानसभा अध्यक्ष के सामने जल्दिये याचिका दाखिल होखे वाली हौ। विधायकी गइल त येह सीटिनि पर उपचुनाव भइले क सम्भावना बढ़ी।

समाजवादी पारटी राज्यसभा चुनाव के दौरान बीजेपी के ओट देवे वाले अउर लोकसभा चुनाव में बीजेपी के मंच पर मौजूद रहे आ बीजेपी क परचार करे वाले अपने विधायकन के बकायदा वीडिया, ऑडियो के सथहीं सबूत जुटवले हौ। सपा क सात विधायक हवें जिनकर सदस्यता जा सके ला। एहमें मनोज पांडेय, राकेश सिंह, अभय सिंह, राकेश पांडेय, विनोद चतुर्वेदी, पूजा पाल अउर आशुतोष क नांव सामिल हौ।

**********

अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस के ले के प्रदेस भर के लोगिन में उछाह क माहौल हौ। एक्कइस जून के आयोजित होखे वाला येह दिवस के ले के योग सप्ताह सिविरन क सुरूआति हो चुकल हौ। येह सिविरन में योग प्रसिक्षक लोगिन के कई तरह क प्राणायम करवले के सथहीं यागोसन क लाभो बता रहल हवें।

येह क्रम में आजु बनारस के सम्पूर्णानन्द संस्कृत विश्वविद्यालय में योग सिविर क आयोजन कइ के लोगिन के निरोग रहले क सनेसा दीहल गइल। योग प्रसिक्षक डॉक्टर राजकुमार मिश्रा बतवलें कि योग हमरे जिनगी क पुरान पद्धति हौ। योग के जरिये से निराग रहले क सपना पूरा हो सके ला। ओहर, बनारसे के सिंधिया घाट पर महर्षि योग विद्याश्रम में लोगिन के कपालभाति, अनुलोम–बिलोम, भुजंगासन, वृक्षासन जइसन अउरियो प्राणायमो क अभ्यास करावल गइल। गोरखपुर जिला क पंडित दीनदया उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय में चलि रहल साप्ताहिक योग कार्यक्रम में आजु जिला महिला चिकित्सालय में गरभवती मेहरारून के योगाभ्यास करावल गइल। येह मौका पर योग प्रसिक्षक अउर डॉक्टरन के देखि–रेखि में गरभवती मेहरारू प्राणायम कइलिनि। येही क्रम में जौनपुर में आजु जगहि–जगहि पर जिला प्रसासन के ओरि से योग कैंप लगा के लोगिन के योग से सेहतमंद जिनगी जियले क तरीका बतावल गइल।

**********

सनातन आस्था क केन्द्र श्री काशी विश्वनाथ मंदिर में सालि दर सालि सरधालुअन के संख्या में रेकार्ड बढ़ोत्तरी होत जा रहल हौ। तेरह दिसम्बर दुइ हजार एक्कइस के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के श्री काशी विश्वनाथ धाम क लोकारपण के बाद से सोरह जून दुइ हजार चउबीस ले सोरह दसमलव छियालीस करोड़ भक्त श्री काशी विश्वनाथ मंदिर में माथा ठेकि चुकल हवें।

श्री बाबा विश्वनाथ के दरबार में सुगमता से दरसन अउर सुविधा के नाते सरधालुअन क संख्या में लगतारे बढ़ोत्तरी हो रहलि हौ। अउरियो सहरन से अच्छा सम्पर्को काशी क समग्र विकास करत धारमिक पर्यटन के बढ़वले हौ। जनौरी से मई दुइ हजार तेइस के सापेक्ष दुइ हजार चउबीस में शिव भक्तन क संख्या में अड़तालीस दसमलव दुइ तीनि फीसदी क बढ़ोत्तरी भइल हौ। श्री काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्वभूषण मिश्रा बतवलें कि एक जनौरी से एकतीस मई दुइ हजार तेइस ले एक करोड़ तिरानबे लाख बत्तीस हजार सात सौ एक्यानबे सरधालु बाबा क दरसन कइले रहलें जबकि बरिस दुइ हजार चउबीस में एक जनौरी से एकतीस मई ले कुलि दुइ करोड़ छियासी लाख सत्तावन हजार चारि सौ तिहत्तर सरधालु श्री काशी विश्वनाथ धाम में बाबा के चउकठ पर हाजिरी लगावे पहुंचलें। दुइ हजार तेइस के मोकाबिले बरिस दुइ हजार चउबीस में तिरानबे लाख चउबीस हजार छौ सौ बेयासी सरधालु ढेरि पहुंचल हवें।

**********

प्रदेस के कुछु जिलन में भइल हल्लुकाहे बरखा के नाते लोगिन के गरमी से कुछु राहति जरूर मिलल हौ मगर उमस अबहिनों बरकरार हौ, जबकि प्रदेस के ढेरि जिलन अजुओ भीसण गरमी अउर लुह क परकोप जारी हौ। कई जिलन में पारा चालीस डिगिरी सेल्सियस के पार हो गइल हौ। हलांकि मौसम विभाग आगरा, फिरोजाबाद, हाथरस, मथुरा, अलीगढ़, जालौन, इटावा, कानपुर देहात, औरेया के सथहीं पूर्वांचल के कई जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ।

**********